**МКОУ « Ленинаульская СОШ № 1 имени героя Советского Союза Х. Нурадилова»**

| Согласовано:<br><br>зам. дир. по УР<br>Джамалдинова З.Ш.<br><br>« 26» август 2023г. | Утверждаю:<br><br>Директор МКОУ « ЛСОШ № 1»<br>Аскендерова Х.Н. _______<br>Протокол пед.совета №__198__<br>«_26_» август 2023 г. |
|---|---|

# Рабочая программа по родной (аварской) литературе для 7 класса

## учительницы родного языка и литературы Магомедалиевой Б.У.

**2023 – 2024г.**

**Программаялъе баян:**

Художествияб адабияталъ к1удияб кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, г1агараб халкъалъул рух1ияб бечелъиялъул кьуч1алда г1олилазе тарбия кьезе.

Адабияталъул курсалда хасаб бак1 ккола Ват1ан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи кквеялъул, дунялалъулго зах1матхалкъалъул мурадал ц1униялъул асар ц1алдохъабалъ куцаялъ.

Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула миллатазул адаб-х1урмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи бищун къиматаб бечелъи х1исабалда къабул гьабизе.

V-IX классазе ц1алул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги ц1унун. Гьениб х1исабалде босула байбихьул классазда ц1алул дарсазда лъималазе щвараб хьалбихьи ва гьениб лъураб кьуч1алда г1уц1ула хадубккун литературияб ц1али.

V-IX классазда малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъик1ал ресал ругел, рич1ч1изе бигьаял, художествияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб к1алзул гьунаралъул, авар адабияталъул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул т1аса рищарал асарал.

Школалда малъизе т1аса рищун руго хъвадарухъанасул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялъе мустах1икъал асарал.

Программаялда мух1канго ч1езарун руго щибаб классалда лъималазда лъазе кколел литературияб теориялдаса баянал. Асаразул анализ гьабулелъул, ц1алдохъабаз теориялъул баяназдаса г1ат1идго пайда босизе ккола.

Раг1а-ракьанде щун, адабияб лъай кьеялъул масъала т1убан бажаруларо, г1ат1идаб къаг1идаялъ класстун къват1исеб ц1али г1уц1ич1ого. Т1убазе ккола гьелъул программаги. Муг1алимасда т1адаб буго ц1алдохъабазе ц1ализе кьезе цох1о рихьизарурал гурелги, ахираб заманалъ басмаялде рахъал , критиказ рецц арал ц1иял асаралги.

**7 класс**

| № | *Дарсил тема* | *Саг1ат* | *Дарсил къаг1идаби* | *Рокъобе х1алт1и* |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Инсан ва гьесул къисмат – адабияталъул аслияб тема | 1 | Т1ехьгун х1алт1и, калам цебет1езаби, суала г1уц1и ва гьезие жаваб кьей | Гь. 3-4, суалазе жавабал х1адуризе<br>Лекция лъазе. |
| 2 | Халкъияб кеч1 «Бокьуларо, эбел, рии бач1ине» | 1 | Лекция, коч1олаб асар ц1али, суалазе жавабал кьей, раг1абигун х1алт1и | Гь. 6-7, кеч1 «Бокьуларо, эбел, рии бач1ине» - пасих1го ц1ализе, хадур кьурал раг1абазе баянал лъазе, суалазе жавабал х1адуризе |
| 3 | Халкъияб къиса «Унсоколоса Х1ожоги гуржиявги» | 1 | Хабарияб асар пасих1го ц1али, раг1абазда т1ад х1алт1и, к1алзулаб ва хъвавулаб тест, карточкаби, г1исиналго бут1аби ролаздалъун х1ай, суалазе жавабал, гара-ч1вари-къец | Къиса т1убанго ц1ализе, гьелда т1асан жиндирго пикру х1адуризе, къисаялъе план г1уц1изе. |
| 4 | Асаралъул анализ | 1 | Хабарияб каламалъе план г1уц1и, пасих1аб мац1алдалъун пикрухъвай.Тестовияб х1алт1и. | Т1ехьалда гьеч1еб баллада, бицен ц1ализе, гьелда т1асан к1алъай х1адуризе |
| 5 | ***К/ц.Сочинение*** «Унсоколоса Х1ожоги гуржиявги» | 1 | Гара-ч1вари, мисалияб ц1али, худ.асаралъул анализ гьаби | Цо халкъияб кеч1 рек1ехъе лъазабизе |
| 6 | Революциялда цебесеб литератураялдасан.<br>Инхоса Г1алих1ажияв<br>«Г1елму ва жагьлу» | 1 | Лекция, муг1алимасул каламалъул аслияб тетрадалда хъвай, аслиял баянал доскаялда рихьизари | Гь. 28-33, кеч1 ц1ализе, аслияб пикру бицине.<br>Бажари бугез х1адурила И.Г1. х1акъалъулъ к1алъай. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 7 | Ц1адаса Х1амзат «Дибирги г1анхвараги», «Ашбазалде гьабураб» | 2 | Ц1алдохъабазул презентация «Х1амзат Ц1адаса», ц1иял раг1абазда т1ад х1алт1и, т1е-хьалдаса ц1али, гара-ч1вари | «Дибирги г1анхвараги» т1убан ц1ализе, идеяб маг1на рагьизе. Жакъа къоялда гьеб кеч1алъул к1варалъул бицине |
| 8 | 20 г1ас.адаб.Асадуллагь Мух1амаев»Маккикъор» | 1 | Практикияб х1алт1и, | Ц1олбол ахие сипат гьабун бугеб бак1 батизе.,биограф.лъазе. |
| 9 | Ах1мад т1адвуссараб сордо» | 1 | Ролазда лъун ц1али,къокъабазда х1алт1и. | Исследовательскияб х1алт1и «Рагъда т1аг1арал дир умумул» |
| 10 | К/тун къват1.ц1али | 1 | План г1уц1и,жалго жидедаго ч1ун х1алт1и. | Х1алт1аби лъвинаризе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 11 | М.Х. «Г1андалал» -тарихияб баян. | 1 | Муг1алимасул к1алъай, ц1алдохъабаз гьениса аслияб тетрадазда хъвай, т1ехьалдасан ц1али. | Лекция лъазе. |
| 12 | Къиса «Г1андалал» | 1 | 1.Ц1иял раг1абигун х1алт1и, т1ехьалдаса ц1али 2.Гара-ч1вари. Контролияб х1алт1и(10)минут. | Асар ц1алун лъуг1изабизе. |
| 13 | Асаралъул анализ. | 1 | Тарбиякьеялъул накъит.Сипатияб анализ. фронталияб ц1ех-рех | Бищунго нужее вокьарав цо багьадурасул образ рагьизе |
| 14 | М.С.«Васигат» поэма. | 1 | Суалазе жавабал гьари,.Исследовательскияб х1алт1и | Цо къот1елалъул сипатияб анализ. |
| 15 | К.тун къват1исеб ц1али | 1 | Жутазда х1алт1и | |
| 16 | М.Шамхалов г1умру ва творчество.<br>Хабар «Тамашаяв гьобол» | 1 | Пасих1го ц1али, г1аммаб ц1ех-рех, жалго жидедаго ч1ун х1алт1и,собеседование. | Харабазде ц1ехон революционеразул хъван бач1ине. Биография. |
| 17 | Асаралъул анализ. | 1 | Пасих1го ц1али, ц1алдохъабазул к1алъаял,семинар.Тестовияб х1алт1и. | х1асил лъазе |
| 18 | Ф. Г1алиева г1умру ва творчество. Поэма «Маг1арулазул нус» | 1 | Ролазда ц1али. Диспут. | Суалазе жавабал. Цо кесек рек1ехъе. |
| 19 | Маг1арул руччабазул г1акъиллъи, бах1арчилъи,к1одолъи коч1олъ ах1ун бугеб куц. | 1 | Киноялъухъ балагьи. | Бажари бугеца Имам Шамилил х1акъалъулъ доклад хъвазе. |
| 20 | Р.Х1амзатов г1умру ва творчество.Кеч1 «Дагъистаналъулрохьал» | 1 | Коч1олаб асар ц1али, тест-15минут ц1ех-рех,исследоват-ияб х1алт1и. | Биография коч1ол анализ гьабизе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 21 | Кеч1 «Маг1арулал» Кеч1 «Эбелалъ дир кинидахъ куч1дул ах1ич1елани | 1 | коч1олаб асар ц1алиялъул халгъаби,индивидуалияб ц1ех-рех.Мини-сочинение «Эбел-талих1алъул ицц» | Кеч1 рек1ехъе. |
| 22 | **М.Мух1амадов .Хабар «Инсул гьалбал»** | 1 | Презентация, муг1алимасул каламалъулъа ас-лияб тетрадазда хъвай. | Биография лъазе. |
| 23 | Асаралъул анализ. | 1 | лекция,диспут,къокъабигун х1алт1и х1алт1и. | теория ва х1асил лъазе. |
| 24 | К.ц.Сочинение «Гьоболасул адаб-х1урмат гьаби маг1арулазул гьайбатаб г1адат бук1ин бихьизаби.» | 1 | Ц1алдохъабазул к1алъаял, пр.езен-тацияПасих1го ц1али, г1аммаб ц1ех-рех, жалго жидедаго ч1ун х1алт1и. | . Харабазде ц1ехон,умумузул г1адатазул х1акъалъулъ баянал рак1аризе |
| 25 | Багъатар «Чадил кесек» | 1 | Пасих1го ц1али, г1аммаб ц1ех-рех, жалгожидедаго ч1ун х1алт1и,исслед-ияб х1алт1и.Литературияб диктант. | Мини-сочинение «чед-сундулго бет1ер» |
| 26 | **Къияс Мажидов г1умру ва творчество. «Муг1рузул ц1умазе хвел бук1унебдай?»** | 1 | Исслед-ияб х1алт1и ,асаралъул план г1уц1изе группаби т1амила. | Х1асил лъазе,биограф.лъазе |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 27 | Б.Митаров г1умру ва творчество.Кеч1 «Бице гьудулзабазда» | 1 | Коч1ол сипатияб анализ | Биография,коч1ол анализ |
| 28 | Класстун къват1исеб ц1али.Гьудуллъи нилъер къуват. | 1 | Цереккун ц1алдохъабаз х1адурарал асарал ц1ализари. | Цо-цо кеч1 рек1ехъе. |
| 29 | Г1.Саг1идов Кеч1 «Рач1а ,гьудулзаби» Кеч1 «Г1аздалал т1агърал» | 1 | суалазежавабалгьари, .Исследовательскияб х1алт1и,гара-ч1вари. Т1абиг1аталдехун рокьи ц1ик1к1инаби.Мини-сочинение «Т1абиг1ат берцинаб жо,бицине ц1акъ бокьулеб» | Биография,коч1ол анализ |
| 30 | М-расул «Эбелалъул рах1му» | 1 | Презентация,улбузулги лъималазулги гьоркьорлъаби рагьизе ц1алдохъаби т1ами. | Асаралда т1асан дурго пикру хъвазе, рищарал бут1абазул анализ. |
| 31 | А.Гъ. «Квешлъиялъе квешлъи» | 1 | Гьеб темаялда хъварал кицаби рак1алде щвезари.Исследовательскияб х1алт1и. | Асаралъул анализ,х1асил лъазе |
| 32 | Гунашев «Ц1адулал соназул учитель» | 1 | Слайдал рагъул заманалъул.Сипатияб анализ. | Биография,анализ коч1ол. |
| 33 | Коч1ол анализ | 1 | Учителасул,ц1алдохъабазул образ рагьизе лъимал т1ами.Контролияб х1алт1и. | К1.В.Рагъул бах1арзазул хъвазе. |
| 34 | Сочинение. «Ват1ан хириясе хвел бук1унаро.» | 1 | План г1уц1и,накъит,жалго жидедаго ч1ун х1алт1и. | Сочинение лъуг1изабизе. |
| 35 | Класстун къват1исеб ц1али | 1 | Библиотекаялде сапар | Каникулазул заманалда цо-цо т1ехь ц1ализе. |

**Ц1алдохъабазда лъазе ккола:**

- лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул ц1арал

- лъазарурал хабариял асаразул багьадуралги гьез г1ахьаллъи гьабулел ишазул т1елги.

- лъазабураб асаралъул г1уц1иялъул хасал рахъал.

- адабиял терминал: махсара, сатира, метафора, адабияталъул тайпаби

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**

- минуталда жаниб 110-120 раг1и кколеб хехлъиялда рич1ч1изе бигьаял , г1елмиял ва художествениял текстал рит1ун, дурун, раг1ун ц1ализе.

- художествиял асарал пасих1го ц1ализе.

- хабарияб асар изложение х1исабалда бицинеги хъвазеги.

- хабарияб асаралъул яги гьелъул цо бут1аялъул план бахъизе.

- ц1алдохъанасул жиндирго к1алъаялъе план г1уц1изе